# ANA TILI SABAQLARINDA BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINIŃ SINTAKSISLIK KOMPETENCIYASIN RAWAJLANDIRIW JOLLARI

**Berdibaeva Gulsanem Madaminovna**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika Instituti 2-kurs magistrantı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada baslawısh klass ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń sintaksislik kompetenciyasın qáliplestiriwdiń metodikalıq tiykarları kórip shıǵıladı. Sintaksislik kompetenciyanıń mazmunı, onıń til hám kognitiv rawajlanıwı ushın áhmiyeti anıqlanadı.*

**Tayanısh sózler:** *ana tili, baslawısh klass, sintaksislik kompetenciya, gáp, metodika, til rawajlanıwı.*

Házirgi bilimlendiriw sistemasında oqıwshılardıń lingvistikalıq kompetenciyasın rawajlandırıw tiykarǵı maqsetlerden biri bolıp tabıladı. Sonıń ishinde, sintaksislik kompetenciya - oqıwshınıń sózlerdi durıs baylanıstırıp, mazmunlı gáp qura alıw qábileti. Bul kompetenciyanıń tiykarı baslawısh klassta qaladı, sebebi bul dáwirde oqıwshılardıń til sezimi, sóylew kónlikpeleri qáliplesedi, baylanıstırıp sóylew mádeniyatı rawajlanadı.

Sintaksislik kompetenciya túsinigi

Sintaksislik kompetenciya - oqıwshınıń:

sózlerdi durıs biriktire biliwi;

gáptiń grammatikalıq dúzilisin ózlestiriwi;

gáp túrlerin (ápiwayı, quramalı) ajırata alıwı;

tekst ishinde gáplerdi sistemalı qura alıw kónlikpesi.

Bul kompetenciyanı ózlestirgen oqıwshı pikirin anıq, sistemalı, ádebiy til normalarına muwapıq jetkere aladı.

Sintaksislik kompetenciyanı qáliplestiriw wazıypaları

Sóz dizbekleri hám gáplerdiń strukturalıq ózgesheliklerin ózlestiriw.

Gáp aǵzaların tanıp, gáp dúziwge úyretiw.

Hár qıylı sintaksislik strukturalardı sóylewde qollanıwǵa úyretiw.

Jazba hám awızeki baylanıstırıp sóylew mádeniyatın rawajlandırıw.

Metodikalıq jollar

Baslawısh klassta sintaksislik kompetenciyanı qáliplestiriw ushın tómendegi usıllar nátiyjeli esaplanadı

1. Shınıǵıw jumısları.

Gáp dúziw: berilgen sózlerden gáp dúziw.

Gápti tolıqtırıw: dáslepki bólegin berip, aqırın dawam ettiriw.

Gápti túrlendiriw: sorawlı, dawıslı, bolımsız gápler dúziw.

2. Kórgizbelilik usılı.

Súwret boyınsha gápler dúziw.

Syujetli súwret arqalı kishkene gúrriń dúziw.

3. Dóretiwshilik tapsırmalar.

Erkin temada tekst jazıw.

Qaharman atınan sóylew (rolli oyın).

Berilgen gáplerdi birlestirip, kishi tekst dúziw.

4. Interaktiv usıllar.

Juplıq hám toparlıq jumıslar (birgelikte bir gápti dúziw).

Didaktikalıq oyınlar ("Qaysi gáp durıs?," "Gápti dawam ettiriw").

IKT qurallarınan paydalanıw (elektron tapsırmalar, interaktiv doska).

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh mektep - oqıwshınıń shaxslıq qáliplesiwiniń eń dáslepki hám eń áhmiyetli basqıshı. Bul basqıshta tek ǵana oqıw, jazıw, sanaw kónlikpeleri emes, al tildiń strukturasın ózlestiriw arqalı pikirlew qábileti, sóylew mádeniyatı, qarım-qatnas jasaw kónlikpeleri rawajlanadı. Sintaksislik kompetenciyanı qáliplestiriw usı wazıypalardıń tiykarı esaplanadı.

Ana tili sabaqlarında gáp dúziw, gápti túrlendiriw, tekst jaratıw sıyaqlı shınıǵıwlar oqıwshınıń grammatikalıq bilimlerin bekkemlep ǵana qoymastan, logikalıq pikirlew qábiletin de rawajlandıradı, óz pikirin anıq, tolıq, sistemalı jetkeriwge úyretedi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Құлмағамбетова Б. Қазақ тілін оқыту методикасы. – Алматы: Қазақ университеті, 2017.

2. Салқынбай А. Қазіргі қазақ тілі: Синтаксис. – Алматы: Қазақ университеті, 2018.

3. Оразбаева Ф. Тілдік қатынас: теориясы мен әдістемесі. – Алматы: Дәуір, 2019.

4. Әміров Р. Жай сөйлем синтаксисі. – Алматы: Санат, 2015.

5. Әлімов А. Интерактивті оқыту әдістемесі. – Алматы: ЖШС «Арыс» баспасы, 2019.